

**NGALARAPKEUN MODEL *DISCOVERY LEARNING* KEUR
NGARONJATKEUN HASIL DIAJAR SISWA KALAWAN SUBTEMA
KEBERAGAMAN BUDAYA BANGSAKU**

(Pananglutikan Tindakan Kelas Siswa Kelas IV SDN 114 Bojongkoneng
Cibeunying Kota Bandung)

Ku
Yanti Herlina
145060014

RINGKESAN

*Kasang tukang ieu Pananglutikan Tindakan Kelas (PTK) teh nyaeta hengkerna hasil diajar siswa kelas IV SDN 114 Bojongkoneng Cibeunying Kota Bandung jalaran dina sapopoena siswa ngan ngadangu sabot guru ngeceskeun materi, sarta pembelajaran museur dina guru sarta cara ngawulang guru konvensional kenah. Ku kituna, kedah diayakeun model pangajaran kalawan pamarekan anu bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa, salah sahijina nyaeta model *Discovery Learning*. Ieu pananglutikan teh tujuanna pikeun ngaronjatkeun hasil diajar siswa ku dilarapkeunna model *Discovery Learning*. Kalawan subtema Keberagaman Budaya Bangsa. Metode anu digunakeun nyaeta PTK model Kemmis & Mc. Taggart kalawan tilu siklus. Hasil ieu pananglutikan anu dipigawe kalawan objekna nyaeta siswa kelas IV ku ngalarapkeun model *Discovery Learning* anu hasilna ngaronjatkeun hasil diajar siswa dina sakabeh siklus. Aya oge hasil anu di hontal ku peneliti ku ngalarapkeun model *Discovery Learning* kana nilai hasil diajar tina ranah kognitif siklus I ngahontal 42%, siklus II 69% sareng siklus III 85%. Dina ranah afektif peduli siklus I ngahontal 35%, siklus II 65% saareng siklus III 85%. Ranah afektif santun siklus I ngahontal 38%, siklus II 62% sareng siklus III 88%. Ranah psikomotor siklus I ngahontal 35%, siklus II 62% sareng siklus III 81%. Dumasar hasil ieu tiasa disimpulkeun yen ngalarapkeun model *Discovery Learning* tiasa ngaronjatkeun hasil diajar siswa kalawan subtema keberagaman budaya bangsa di kelas IV SDN 114 Bojongkoneng Cibeunying. Ieu tiasa dibuktoskeun ku ngaronjatna hasil diajar siswa tina satiap siklusna. Ku kituna, Ngagunakeun model *Discovery Learning* tiasa dijadikeun salah sahiji model pangajaran anu dilarapkeun kalawan pangajaran tematik.*

Kecap Konci: Hasil diajar, Model *Discovery Learning*